



Vaksen JYNNEOS pou Mpox: Kesyon Moun Poze Souvan

Vaksen JYNNEOS lan rekòmande pou moun ki petèt te ekspoze ak mpox (yo te rele varyòl makak oparavan) oswa ki ka ekspoze alavni.

Kijan vaksen JYNNEOS la mache?

Yo apwouve vaksen JYNNEOS la pou prevansyon mpox ak lavaryòl. Vaksen an gen viris vaksin lan ladan l, ki se yon viris ki nan menm fanmi ak viris mpox a ak viris lavaryòl la, ki afebli, ki pa kapab kopye tèt li nan selil moun, e ki pa kapab simaye ni nan lòt pati kò a ni nan lòt moun. Vaksen an pa kapab bay moun k ap pran vaksen an oswamoun ki antoure li yo ni mpox, ni lavaryòl ni vaksin.

Kijan yo bay vaksen an?

Yo kapab bay vaksen an anba po a oswa andedan po a selon preferans pasyan an oswa pwofesyonèl swen sante a. Toude fason yo bay li a mande pou pran piki, jeneralman nan bra a. Moun ki gen mwens pase 18 lane yo kapab pran vaksen an anba po sèlman. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason pou bay vaksen JYNNEOS la andedan po, ale sou on.nyc.gov/jynneos-intradermal-cr.

Ki efè segondè vaksen an genyen souvan?

Ou kapab gen fatig, maltèt ak doulè nan mis apre vaksinasyon an. Moun yo kapab genyen woujè, anflamasyon, sansibilite ak gratèl kote yo bay piki a, sa ki rive pi souvan lè yo bay li andedan po a epi li gen tandans agrave epi dire pi lontan.

Konbyen dòz mwen bezwen?

Ou ta dwe pran de (2) dòz avèk omwen kat (4) semèn ki separe yo. Ou ap kòmanse devlope pwoteksyon apre premye dòz ou an men ou p ap gen iminite konplè toutotan de (2) semèn pa pase apre dezyèm dòz ou a.

Èske vaksen an aji byen?

Premye done yo montre vaksen JYNNEOS la te ede fè prevansyon mpox a pandan epidemi aktyèl la, men lòt etid ap nesèsè pou nou konprann efikasite vaksen an. Li enpòtan pou nou kontinye pran lòt mezi prevansyon yo, tankou evite fè sèks avèk moun ki gen sentòm mpox yo.

Kisa pou mwen fè si mwen gen yon pwoblèm sante grav apre mwen fin pran vaksen an?

Siy yon reyaksyon alèjik grav yo gen ladan itikè, figi ak gòj anfle, difikilte pou respire, batman kè rapid, vètij, ak feblès. Si ou panse ou fè yon reyaksyon alèjik grav, rele **911** oswa ale lopital. Rele pwofesyonèl swen sante ou si w gen lòt efè segondè k ap trakase ou, oswa rele **311** pou yo mete ou an kontak ak laswenyay. Pwofesyonèl swen sante ou an oblije siyale reyaksyon negatif grav yo nan Sistèm pou Rapòte Efè Negatif Vaksen an (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS), men ou kapab siyale yo tou nan vaers.hhs.gov oswa lè w rele nan 800-822-7967. Manm pèsònèl VAERS la pa bay konsèy medikal.

Èske moun ki gen VIH, sistèm iminitè afebli oswa pwoblèm po kapab pran vaksen an?

Wi. Yo etidye JYNNEOS kay moun ki gen VIH ak egzema atopik, e yo pa t idantifye reyaksyon negatif grav. Moun ki gen pwoblèm sante sa yo oswa yon sistèm iminitè ki afebli gendwa soufri plis maladi grav si mpoxla enfekte yo. Kidonk, li enpòtan pou yo pran vaksen si yo gen risk pou yo ekspoze. Men, moun ki gen sistèm iminitè afebli yo gendwa gen mwens chans pou yo devlope yon repons iminitè efikas apre vaksinasyon an, donk li enpòtan pou kontinye lòt mezi prevansyon yo menm apre vaksinasyon an.

Èske moun ki gen pwoblèm kè kapab pran vaksen an?

Esè klinik yo pa t montre gen plis risk pou yo fè myokadit (anflamasyon misk kè a) apre yo fin pran vaksen JYNNEOS la. Men, piske gen plis risk pou yo fè myokadit apre yo fin pran yon kalite vaksen diferan yo apwouve pou prevansyon lavaryòl, li posib pou gen plis risk pou yo fè myokadit akòz vaksen JYNNEOS la. Moun ki gen twa (3) oswa plis gwo faktè risk pou maladi kè yo, tankou tansyon wo, dyabèt, kolestewòl wo ak fimèn, ta dwe konnen risk sa a.

Èske moun ki ansent oswa ki ap bay tete yo ta dwe pran vaksen an?

Wi. Gen enfòmasyon limite sou moun ki ansent oswa k ap bay tete ki pran JYNNEOS. Etid sou zannimo yo pa montre okenn prèv dega kay tibebe nan vant. Poutèt viris ki nan vaksen an pa ka kopye tèt li nan selil moun, siman pa gen risk pou tibebe k ap pran tete yo. Moun ki te an kontak ak mpox dènyeman yo ta dwe pran vaksen an, kit yo ansent kit yo ap bay tete.

Kiyès ki pa ka pran vaksen an?

Moun ki te fè yon reyaksyon alèjik grav ak yon dòz JYNNEOS yo te pran deja pa dwe pran vaksen an. Moun ki te fè reyaksyon alèjik grav ak jentamisin oswa sipwofloksasin, oswa ak pwoteyin poul oswa ze e ki kounye a ap evite ekspoze ak tout pwodui poul oswa ze yo ta dwe pale avèk pwofesyonèl swen sante yo oswa avèk yon pwofesyonèl swen sante ki nan sit vaksinasyon an anvan yo pran vaksen an.

Èske moun ki te gen mpox yo ta dwe pran vaksen?

Non. Moun yo te dyagnostike ki gen mpox pandan epidemi sa a, ki te eklate nan mwa me 2022, pa ta dwe pran vaksen nan moman sa a piske yo gen chans pou yo gen pwoteksyon. Pifò moun yo te dyagnostike ki gen mpox apre yo fin pran premye dòz yo nan vaksen an pa bezwen pran yon dezyèm dòz. Moun ki iminodeprime yo ta dwe pale avèk pwofesyonèl swen sante pou yo konnen si yon dezyèm nesèsè.

Èske moun ki te resevwa vaksen kont lavaryòl deja yo ta dwe pran vaksen an?

Moun ki te pran vaksen kont lavaryòl anvan epidemi sa a ta dwe pran vaksen an si yo te ekspoze ak mpox a oswa ki yon lòt manyè arisk pou mpox, poutèt pwoteksyon vaksen kont lavaryòl la gendwa bese avèk letan.

Èske mwen ka pran vaksen an menm moman ak lòt vaksen?

Yo ka bay vaksen JYNNEOS la anvan, apre oswa nan menm moman ak pifò vaksen yo, tankou vaksen kont grip ak vaksen kont COVID-19 yo. Men, moun ki gen plis risk myokadit (anflamasyon misk kè), sitou gason ki gen 12 rive 39 lane yo, ka panse pou tann kat (4) semèn pou yo pran yon vaksen kont COVID-19 yo fin pran vaksen JYNNEOS la poutèt risk myokadit la ki ra apre yo fin pran vaksen kont COVID-19 la. Si ou te ekspoze ak mpox la dènyeman, ou ta dwe tann pou pran vaksen JYNNEOS la, menm si ou fenk sot pran yon vaksen kont COVID-19. Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou si ou gen kesyon sou ki lè pou pran vaksen an.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, tankou sou elijiblite pou vaksen an, ale sou nyc.gov/mpox. Pou jwenn yon kote k ap bay vaksen, ale sou nyc.gov/vaccinefinder.